

POU W JWENN YON LÒD

Pou Karantèn ki Obligatwa oswa pa Mezi Prekosyon Anba Nouvo Lwa Konje Peye pou Fanmi pou COVID-19 Gouvènè a



Lalwa garanti pwoteksyon travay ak konje peye pou anplwaye New York ki pa ka travay pandan yo nan karantèn ki obligatwa oswa pa mezi prekosyon pou COVID-19.

KISA ANPLWAYE YO BEZWEN FÈ

Pou jwenn yon lòd karantèn ki obligatwa oswa pa mezi prekosyon oswa izòlman poutèt COVID-19, ou dwe kontakte Depatman Sante Lokal (Local Health Department, LHD) ou a. Ou ka chèche LHD ou a sou sitwèb Depatman Sante Eta New York la nan health.ny.gov/contact/contact_information. LHD yo ta dwe bay lòd alekri yo nan yon bon delè.

Si LHD ou a pa ka ba ou yon lòd *imedyatman* :

1. Soumèt dokiman yon founisè medikal kalifye ki te trete ou, ki ateste (jan sa dekri anba "GID SOU DOKIMAN" ou kalifye pou resevwa lòd la; EPI
2. Fè suivi ak LHD ou pou jwenn yon lòd epi soumèt li bay konpayi asirans ou kou li disponib. LHD yo dwe bay lòd nou mande yo nan 30 jou.

GID SOU DOKIMAN

Dokiman ou resevwa nan men founisè medikal ou a dwe genyen:

- Si ou nan Izòlman Obligatwa, yon atestasyon ki di ou satisfè youn oswa plis nan kritè sa yo:
 1. Ou teste pozitif pou COVID-19; OSWA
 2. Pa gen tès ki disponib pou ou nan moman an, men ou gen sentòm epi ou te gen kontak ak yon moun yo konfime genyen COVID-19.
- Si ou nan Karantèn Obligatwa, yon atestasyon ki di ou satisfè youn oswa plis nan kritè sa yo:
 1. Ou te nan kontak sere ak yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19 oswa ou nan izòlman obligatwa; OSWA
 2. Ou gen sentòm epi ou te retounen nan 14 jou ki sot pase yo nan yon peyi ki gen avètisman nivo 2, 3, oswa 4 pou COVID-19.
- Si ou nan Karantèn pou Prekosyon, yon atestasyon ki di ou satisfè youn oswa plis nan kritè sa yo:
 1. Ou gen sentòm epi ou te retounen nan 14 jou ki sot pase yo nan yon peyi ki gen avètisman nivo 2, 3, oswa 4 pou COVID-19; oswa
 2. Yo te detèmine ou te gen kontak pwòch ak yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19.

VERIFIKASYON

Konpayi asirans Konje Peye pou Fanmi ou a ka kontakte ou pou verifye enfòmasyon ou bay nan reklamasyon ou a.

REFI REKLAMASYON

Si ou pa swiv etap ki dekri anwo a, konpayi asirans ou an ka refize reklamasyon ou pou Konje Peye pou Fanmi. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nouvo lwa a, al gade nan ny.gov/COVIDpaysickleave.

KISA PATWON YO BEZWEN KONNEN

Si ou voye anplwaye lakay yo nan yon karantèn pa mezi prekosyon, yo gen dwa pou w pwoteje travay yo, konje maladi COVID-19 ak/oswa avantaj yo peye nan asirans avantaj Konje Peye pou Fanmi ak andikap yo pandan tout peryòd karantèn yo a, depi yo suiv pwosesis ki endike anwo a.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou COVID-19, tanpri ale sou sitwèb Depatman Sante Eta New York la sou [kowonaviris nan coronavirus.health.ny.gov/home](https://coronavirus.health.ny.gov/home).